

Aplikasyon pou Èd Finansyè nan NYS Uniform Hospital

Ou ka elijib pou jwenn èd finansyè pou peye fakti pou lopital ou yo si ou pa gen asirans, si asirans ou fin ekspire, oswa si ou gen asirans sante men ou gen prèv ou peye depans medikal ki plis pase yon total 10% nan revni ou an. Lè w ranpli fòmilè sa a w ap tou kòmanse demann pou èd finansyè pou lopital ou an. Se tout lopital ki nan Eta New York ki itilize fòmilè sa a.

Non Pasyan an (ranpli enfòmasyon ki aplikab yo)

| | | |
|---|-----------------|------------|
| Non Pasyan an (Non, Dezyèm non, Siyati) | | |
| Dat ou fèt (mwa/jou/ane) | | |
| Adrès | # Apatman/Inite | |
| Vil | Eta | Kòd postal |
| Kontakte # Telefòn | | |
| Non Paran/Responsab oswa Reprezantan Lalwa (si pasyan an se yon minè oswa yon adilt ki gen yon andikap) | | |
| Adrès Imèl (si genyen) | | |

Enfòmasyon sou Fanmi an:

Tanpri mete non tout manm fanmi w ki nan fwaye ou a nan lis pi ba a. Fwaye ou gen ladan l ou menm, mari/madanm oswa patnè ou, ak nenpòt timoun oswa lòt depandan yo. Pa egzanp, li ka genyen ladan l tout moun ki nan lis deklarasyon taks la.

Revni brit vle di revni ou **anvan** yo retire taks yo.

Revni brit la kapab gen ladan salè travay (tep, salè, konsèy, salè nan travay endepandan), revni ou pa touche (sekirite sosyal, avantaj pou andikap, ak avantaj chomaj), kontribisyon (lajan fanmi oswa zanmi), ak lòt sous revni (asistans tanporè ak revni sekirite siplemantè).

| Non konplè | Relasyon | Revni Total Brit (Aktyèl) |
|------------|----------|---------------------------|
| | Ou menm | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

| | | |
|--|--|--|
| | | |
| | | |
| | | |

Lopital la ka mande ou soumèt dokiman kòm prèv revni; egzanp dokiman yo ka gen ladan yo yon fich pèman, yon lèt travay si sa aplikab, oswa Fòmilè 1040.

Sitiyasyon Asirans Sante

Èske ou gen nenpòt fòmilè asirans sante, tankou Medicaid, Medicare, oswa asirans prive nan travay ou

oswa ou achte poukont ou? Wi Non

Si ou reponn “Non,” èske ou ta renmen jwenn èd pou w aplike pou nenpòt nan pwogram sa yo?

Wi Non

Pasyan ki pa gen ase asirans: moun ki gen asirans epi ki gen gwo depans medikal. Si ou gen asirans, tanpri bay yon estimasyon kantite lajan ou te peye nan 12 mwa ki sot pase yo nan kesyon medikal.

\$

Lopital la ka mande ou soumèt dokiman kòm prèv ou peye pou depans medikal yo.

Pasyan/Pati ki Responsab: Si se pa pasyan an, lis non moun k ap siyen fòmilè a ak otorite yo genyen pou l siyen nan non pasyan an (pa egzanp, madanm/mari, paran, reprezantan legal).

Mwen konprann lòt sous ka verifye enfòmasyon mwen bay yo. Mwen sètifye, selon mwen menm, enfòmasyon yo se verite epi yo konplè.

| | |
|--------------------------|-----|
| Non an Lèt Detache | Dat |
| Kisa li ye pou pasyan an | |
| Siyati | |

Kritè Elijibilite Minimòm ak Enstriksyon

Kalandriye Aplikasyon an, Dwa Pasyan an genyen yo, ak Konfidansyalite

- Ou ka aplike pou èd finansyè nenpòt moman pandan pwosesis koleksyon an.
- Ou pa oblije fè okenn pèman nan lopital sa jiskaske ou resevwa desizyon sou aplikasyon pou èd finansyè ou. Lopital yo pa ka voye kont yo bay koleksyon an pandan aplikasyon w lan an atant.
- Si yo refize ba ou èd finansyè, ou gen dwa pou w fè apèl. N ap mete enfòmasyon sou kijan pou w fè sa nan avi lopital la ap voye pou ou a. Ou ka gen dwa pou konteste kantite èd finansyè ou an. Lopital la ap mete enfòmasyon sou kijan pou w fè apèl nan lèt ki bay desizyon yo.
- Lopital yo pa ka voye fakti ki poko peye yo ba yon ajans koleksyon pandan 180 jou pou pi piti aprè premye fakti ou.
- Lopital yo pa gen dwa pou yo pran aksyon legal, tankou fè pwosè pou frè medikal ak pasyan ki poko peye ki pi ba pase 400% nivo federal povrete a. Ou ka jwenn enstriksyon sou povrete la a: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>
- Lopital la ap itilize nenpòt enfòmasyon ou bay nan aplikasyon sa a sèlman pou detèmine elijibilite ou pou èd finansyè epi y ap rete konfidansyèl nan limit lalwa a pèmèt sa.
- Yon lopital pa ka refize ba ou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal yo paske ou gen yon frè medikal ki wo.
- Si ou bezwen asistans avèk aplikasyon sa a, tanpri kontakte biwo èd finansyè NYC Health + Hospitals yo nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692).
- Si ou bezwen èd anplis avèk aplikasyon sa a oswa èd pou w konteste yon desizyon, ou ka kontakte Community Health Advocates: 888-614-5400.

Elijibilite

Pa gen anyen ki limite kapasite yon lopital pou li etabli elijibilite pasyan pou rabè nan pèman nan nivo revni ki pi wo pase sa ki espesifye anba a ak/oswa pou bay pi gwo rabè nan pèman pou pasyan ki elijib yo pase sa Lalwa sou Sante Piblik egzije sa. Anplis sa, estati imigrasyon an pa dwe yon kritè elijibilite pou detèmine èd finansyè.

Moun sa yo elijib:

- Moun ki gen revni ki ba ki pa gen asirans sante; oswa
- moun ki gen pa gen ase asirans (depans medikal ki soti nan pòch yo akimile nan douz mwa ki sot pase yo ki monte plis pase dis pousan revni anyèl brit moun sa a); oswa
- moun ki fin itilize avantaj asirans sante yo epi ki ka demontre yo pa kapab peye tout chaj yo; oswa
- selon diskresyon lopital la, moun ki ka demontre yo pa ka peye kopèman yo ak/oswa franchiz yo ka mande yon rediksyon oswa yon rabè.

Moun ki rive jiska 400% nivo federal povrete a elijib pou èd finansyè.

| Nivo Federal Povrete (2024) | | | |
|------------------------------------|-------------|-------------|-------------|
| Konbyen moun ki nan Fwaye a | 200% | 300% | 400% |
| 1 Moun | \$30,120 | \$45,180 | \$60,240 |
| 2 Moun | \$40,880 | \$61,320 | \$81,760 |
| 3 Moun | \$51,640 | \$77,460 | \$103,280 |
| 4 Moun | \$62,400 | \$93,600 | \$124,800 |
| 5 Moun | \$73,160 | \$109,740 | \$146,320 |
| 6 Moun | \$83,920 | \$125,880 | \$167,840 |
| 7 Moun | \$94,680 | \$142,020 | \$189,360 |

Mizajou chak ane: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>

Pousantaj Minimòm Rabè yo

Si ou kalifye pou èd finansyè, y ap redui frè ou yo dapre revni ou sou yon barèm rediksyon jan sa endike anba la a:

| Nivo Revni | Pèman |
|------------------------|---|
| Anba 200% FPL | Anile tout chaj yo |
| 200% - 300% FPL | Pasyan ki pa gen asirans: Barèm rediksyon jiska 10% nan kantite lajan Medicaid t ap peye pou sèvis (yo). Pasyan ki pa gen ase asirans: Jiska yon maksimòm 10% nan kantite lajan yo te ka peye dapre kotizasyon ki nan frè asirans pasyan an. |
| 301% - 400% FPL | Pasyan ki pa gen asirans: Barèm rediksyon jiska 20% nan kantite lajan Medicaid t ap peye pou sèvis (yo). Pasyan ki pa gen ase asirans: Jiska yon maksimòm 20% nan kantite lajan yo te ka peye dapre kotizasyon ki nan frè asirans pasyan an. |

Lopital yo ka chwazi bay pi gwo rabè pou pasyan ki elijib yo epi/oswa ofri rabè sou pèman pou pasyan ki gen pi gwo nivo revni.

Plan Vèsman pa moso

Plan vèsman pa moso yo disponib pou pasyan ki pa kapab peye tout frè redui a. Pèman mansyèl yo pa ka depase 5% revni brit ou chak mwa ak to enterè yo mande pasyan an sou balans ou pa peye a, si genyen, li pa dwe depase 2%.

Demann pou Prèv Revni Fwaye a

Tanpri mete enfòmasyon sou revni pasyan an, madanm/mari yo, ak nenpòt depandan yo (tankou timoun yo). Pa egzanp, sa ta ka gen ladan tout moun ki sou menm deklarasyon taks la (moun ki soumèt taks la, madanm/mari, ak depandan taks yo) nan kalkil revni kay ou a.

Sa ki anba la yo se yon lis dokiman ou ka itilize pou pwouve revni ou. Ou pa oblije bay tout dokiman sa yo. Ou ka bay yon deklarasyon ki endike ou pa gen revni fwaye ou tou si ou pa gen revni.

Ou ka bay paj detèminasyon elijibilite ou an tou nan NY State of Health Marketplace. Si ou gen dokiman sa a, ou pa oblije bay okenn lòt enfòmasyon sou revni ki nan lis anba a nan lopital la.

| <u>Si fwaye a Resevwa:</u> | <u>Kantite lajan chak mwa:</u> | <u>Aplikasyon an ka bay:</u> |
|-----------------------------------|---------------------------------------|---|
| Salè | \$ | Tanpri bay yon bilten chèk, oswa Lèt Travay ak non konpayi a nan antèt la, ki siyen epi ki gen dat, oswa dènye deklarasyon taks sou revni ou te soumèt yo. |
| Pèman Sekirite Sosyal | \$ | Kopi lèt/sètifika prim, oswa korespondans Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini, oswa lèt avantaj chak ane. Pou w mande yon kopi lèt avantaj Sekirite Sosyal ou, rele 1-800-772-1213 oswa ale sou www.ssa.gov . |
| Konpansasyon Chomaj | \$ | Kopi lèt/sètifika sibvansyon, oswa deklarasyon avantaj chak mwa ki soti nan Depatman Travay NYS, oswa Kopi Kat Pèman Dirèk avèk enprime, oswa lèt Depatman Travay NYS, oswa enprime enfòmasyon sou kont benefisyè a ki sou sit wèb Depatman Travay NYS la (www.labor.state.ny.us). |
| Pèman pou Andikap | \$ | Kopi lèt/sètifika sibvansyon, oswa lèt Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration), oswa kopi lèt avantaj chak ane. Pou w mande yon kopi lèt avantaj ou a, rele 1-800-772-1213 oswa vizite www.ssa.gov . |
| Konpansasyon pou moun k ap travay | \$ | Kopi Lèt Sibvansyon oswa Talon chèk. |

| | | |
|----------------------------------|----|--|
| Pansyon alimantè/Sipò pou Timoun | \$ | Kopi òdonans tribinal la, oswa 3 mwa chèk/resi yo resevwa. |
| Dividann/Enterè | \$ | Deklarasyon chak trimès dividann oswa deklarasyon 1 mwa. |
| Lèt | \$ | Lèt ki endike kantite lajan ki pa yon salè (si genyen), tankou revni lokasyon, lajan kach pou ti djòb, elatriye. |
| Pa Gen Revni | \$ | Deklarasyon ki pa gen revni ki siyen. |